


**NeMutungamiri  
Dieter F. Uchtdorf**  
Mutevedzeri weChipiri  
muHutungamiri Hwekutanga



# Baba Vedu, Murairidzi Wedu

**W**akambovhura bokisi remapatsi here, ukaburitsa mirairo inoshandiswa pakuumba chinhu, uye ukafunga kuti, “Izvi hazvirevi chinhu zvachose?”

Dzimwe nguva, zvisinei nevavariro dzakanakisisa dzedu neruvimbo rwatinenge tiinarwo matiri, tinoburitsa pati uye tobvunza kuti, “Ichi ndecheiko?” kana “Ichi chinokwana sei?”

Kunetsekana kwedu kunokura apo patinotarira bhokisi toona chiziviso chinoti, “Kuumba kunodikanwa mazera emakore masere zvichikwira” Nokuda kwekuti tinenge tisingazivi kuti tinoumba chinhu chacho sei, izvi hazviwedzeri ruvimbo rwedu kana kutenda kwedu matiri pachedu.

Dzimwe nguva tinova nechitiko chakafanana nechichi nevhangeri. Apo patinotarisa pane chimwe chikamu charo, tingangokwenya misoro yedu toshama kuti chikamu ichocho ndechei. Kana kuti apo patinowongorora chimwe chikamu, tinokwanisa kuona kuti kunyange mushure mokuedza nesimba kunzwisisa zvakazara, hatigoni kuziva kuti sei chikamu ichocho chakasanganisirwa.

## **Baba vedu Vokudenga Ndivo Murairidzi Wedu**

Zvakanaka ndezvokuti, Baba vedu vari Kudenga vakatipa mirairo yakanaka zvikuru yokuronga hupenyu hwedu uye kuti tikwanise kusvika pakwanisiro dzedu dzizere. Mirairo iyoyo inoshanda zvisinei nezera redu kana mamiriro ezvinhu edu. Vakatiya vhangeri uye Chechi yaJesu Kristu. Vakatiya chirongwa cherununuro, chirongwa cheruponeso, icho chinonziwo chirongwa cherufaro. Havana kutisiya tiri toga

nezvimhingamupini kana zviyedzo zvose zvoupenyu, vachiti, "Hezvino chienda. Uve nerombo rakanaka. Zvizivire wega."

Kana chete tikava nemwoyo mirefu uye totarira nemwoyo yakaninipa nepfungwa dzakavhurika, tinozoono kuti Mwari Vakatiya nzira dzakawanda dzokuti tinyatsonzwisisa mirairo yakazara yavo yerufaro rwedu muupenyu.

- Vakatiya chipo chakakosha zvinopfuura mipimho yose cheMweya Mutsvene, icho chine kwaniso yekuva murairidzi wekudenga wedu pachedu apo patinonzvera shoko raMwari nokuedza kuunza pfungwa dzedu nezviito zvedu mukuyanana neshoko Ravo.
- Vanotibvumira kuenda kwaVari panguva ipi zvayo kuburikidza neminamoto yerutendo nokukumbira kwakaninipa kwomwoyo wose.
- Vakatiya vaapositora nevaaporofita vamazuva ano, avo vanozarura shoko raMwari muzuva redu uye vane mvumo yokubatanidza kana kusunga pasi uye nekudenga.
- Vakadzorera Chechi Yavo - sangano revatendi avo vanoshanda pamwechete kubatsirana apo pavano-shandira ruponeso rwavo nekutya, nekudedera, uye nerufaro rusingaenzaniswi nerumwe rupi zvarwo.<sup>1</sup>
- Vakatiya magwaro matsvene - Shoko Ravo rakanyorwa kwatiri.
- Vakapa zvishandiso zvakanakisisa zvetekinoroji yanhasi kuitira kutibatsira mukuva vadzidzi Vavo. Zvizhinji zvezvishandiso zvakanakisisa izvi zvinokwanisa kuwanikwa pa LDS.org.

Sei Baba vedu Vokudenga vakatipa rubatsiro rwakawanda kudai? Nokuti Vanotida uye nokuti, sokutaura kwaVakaita, “Iri ndiro basa rangu nekubwinya kwangu—kuunza kusafa neupenyu hwokusingaperi hwevanhu.”<sup>2</sup>

Nemune mamwe mazwi, Baba Vekudenga ndivo Mwari vedu, uye Mwari ndivo murairidzi kwatiri.

Baba vedu vari Kudenga vanoziva zvidikanwi zvevana Vavo zvirinani kupinda mumwe munhu zvake. Ibaso Ravo nekubwinya Kwavo kutibatsira zvinoenderera, vachitipa zvishandiso zvakanakisisa zvenyama nezvemweya kutibatsira panzira yedu yokudzokera kwaVari.

### **Baba Wega Wega Murairidzi**

Kune dzimwe nzvimbo dzenyika, madzibaba anokudzwa nemhuri nevanhu vose mumwedzi waChikumi. Chinhu chakanaka nguva dzose kukudza nokuremekedza vabereki vedu. Vanababa vanoitira mhuri dzavo zvinhu zvakanakisisa zvakanaka uye vane hunhu hwakanakisisa Putcomma between highlighted words: hunoyemurika. Maviri emabasa akanyanya kukosha ana vanababa muhupenyu hwevana vavo ndeawo okuva muenzaniso wakanakisisa nekuva murairidzi. Vanababa vanoita zvakanakisisa kupfuura kutaurira vana vavo izvo zvakanakisisa nezvakaipa; vanoita zvakanakisisa kupfuura kuvapa bhuku remirairo uye votarisira kuti vazvizivire voga zvinhu zvuupenyu.

Vanababa vanorairidza vana vavo vakakosha uye kuratidza nemuenzaniso wavo wakanakisisa nzira iyo upenyu hwakanakisisa yahunoraramwa nayo. Vanababa havasiyi vana vavo vega asi vanomhanya kunovayamura, vachibatsira kukunda matambudziko apo pese pavanosangana nawo. Uye dzimwe nguva apo pazvinenge zviri chinhu chakachenjera kuita, vanababa vanobvumira vana vavo kutambura, vachiziva kuti iyi ndiyo ingange iri nzira yakanakisisa kwavari kuti vadzidze.

### **Tiri Varairidzi Tose**

Apo vanababa vepasi vanoitira izvi vana vavo pachavo, mweya wekurairidza chimwe chinhu chatinofanira kupa kuvana vose vaMwari, zvisinei nezera, nzvimbo yavari, kana mamiriro ezvinhu. Rangarirai, vana vaMwari ihanzvadzi nemadzikoma kana vanun’una vedu; tose tiri vemhuri yokusingaperi imwecheteyo.

Neruzivo urwu, tinofanira tose kuva varairidzi - tiine chido chikuru chokupanana rubatsiro kuti tive vanhu vakanakisisa. Nokuti tiri vana vaMwari, tine kwaniso yokuva saVo. Kuda Mwari nevamwe vedu, kuchengeta mirairo yaMwari, uye kutevera muenzaniso waKristu ndizvo nzira yakamanika, nhete, uye ine rufaro yokudzokera pamberi pavabereki vedu vokudenga.

Kana Mwari wepasi nedenga aine hanya huru kudaro nesu zvokuti Ari murairidzi kwatiri, zvimwe isuwo tino-kwanisa kunanavira kune vamwe vedu, zvisinei neganda ravo, rudzi rwavo, mamiriro ehupfumi hwavo, rurimi rwavo, kana chitendero chavo. Ngativei varairidzi vakafemerwa uye tiropafadze upenyu hwevamwe kwete chete vana vedu pachedu asiwo vese vana vaMwari munyika yose.

### **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. OnaMabasa Avaapositora 13:52; VaFiripi 2:12.
2. Mosesi 1: 39.

---

### **KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO**

Ungangoda kutanga nokukumbira avo vaunodzidzisa kuti vafunge nguva apo Baba Vokudenga paVakavarairidza. Unokwanisa zvino kuvakumbira kuti vafunge kufanana kwenguva iyoyo nenguva apo pavakanzwa kurairidzwa nababa vavo vepasi. Vakoke kunyora pasi mafananiro akaita nzira yavakarairidzwa nayo. Unokwanisa kuvakurudzira kuti vaedze kutevedzera chinhu chavanyora pasi mukuedza kuva muenzaniso urinani kuna vamwe.

## **VANA**

### **Rubatsiro rwaBaba veKudenga**

**N**okuti Baba Vekudenga vanotida, Vakaitipa zvishandiso, kana zvipo zvakanakisisa, kutibatsira. Pazasi pane zvimwe zvezvipo zvaVakaitipa. Ungashandise sei zvipo izvi kuropafadza upenyu hwako nokuropafadza vamwe?

simba rehupirisita  
munamoto  
rudo kune vamwe  
vaapositora nevaporofita  
magwaro matsvene



Ruvimbo, Mhuri,  
Rubatsiro

# Zvisungo neZvibvumirano zveMutemberi

*Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa "Mhuri: Chiziviso kuNyika" kunozowedzera sei rutendo rwako muna Mwari nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku [www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).*

Zvisungo zvose zvinodikanwa kuitira ruponeso nekusimudzirwa kwepamusoro zvinoenderana nezvibvumirano naMwari. "Kuita nokuchengeta zvibvumirano zvinoreva kusarudza kuzvibatanidza kuna Baba vedu Vokudenga naJesu Kristu," akadaro Linda K. Burton, mutungamiri mukuru weChita Cherubatsiro.<sup>1</sup>

Gosa Neil L. Andersen weChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri akati, "Ishe vakati, 'Muzvisungo . . . simba rehumwari rinotaridzwa'

"Kune maropafadzo akakosha anobva kuna Mwari emunhu wese akakodzera anobhabhatidzwa, otambira Mweya Mutsvene, uye nguva dzose ota sakaramende."<sup>2</sup>

"Apo varume nevakadzi pavano-enda kutemberi," vakadaro Gosa M. Russell Ballard veChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri, "vese vanoropafadzwa nesimba rimwechetero, rinova simba rehupirisita . . .

". . . Varume vose nevakadzi vose vanowana simba iri kuitira kuvabatsira muupenyu hwavo. Vese vakaita zvibvumirano zvino-era naIshe uye vanokudza zvibvumirano izvozvo vane kodzero

yokutambira zvakazarurwa zvavopachavo, kuropafadzwa nengirozi dzinoshumira, kutaurirana naMwari, kutambira kuzara kwevhangeri, uye, pokupedzisira, kuva vagari venhaka pamwepo naJesu Kristu yezvese izvo Baba vedu zvananzvo."<sup>3</sup>

## **Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene**

1 Nifai 14:14 ; Dzidziso and neZvibvumirano 25:13; 97:8; 109:22

## **Nyaya dzeVanhu Vanorarama Nhasi**

Muna 2007, mazuva mana mushure mekudengenyeka kwenyika kukuru muPeru, Gosa Marcus B. Nash veMakumi Manomwe vakasangana nemutungamiri webazi Wenceslao Conde nemudzimai wake, Pamela. "Gosa Nash vakabvunza Sista Conde kuti vana vavo vadiki vakanga vakadii. Nerunyemwerero, vakapindura kuti kuburikidza nerunako rwaMwari vese vakanga vadzivirirwa uye vari kwavo. Vakabvunza nezve musha wavana Condes.

"Wakaparara,' ndizvo chete zvavakapindura.

". . . 'Asi zvakadaro,' Gosa Nash vakataura, 'murikunyemwerera patiri kutaura pano.'

"Hongu,' vakadaro Sista Condes, 'Ndakanamata uye ndinonzwa runyararo. Tine zvese zvatinoda. Tiri pamwechete, tine vana vedu, takasunganidzwa mutemberi, tine Chechi iyi yakanakisisa, uye tina Ishe. Tinokwanisa kuvaka zvakare nerubatsiro rwaIshe.' . . .

"Chii pamusoro pekuita nekuchengeta zvibvumirano naMwari chinotipa simba rokunyemwerera nemunhamo, kushandura dambudziko kuriita chikundo. . . ?"

"Zvinobva kuna Mwari. Kuwana kwedu simba iroro kuburikidza nezvibvumirano zvedu naVo."<sup>4</sup>

## **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Linda K. Burton, "The Power, Joy, and Love of Covenant Keeping," *Liahona*, Mbudzi 2013, 111.
2. Neil L. Andersen, "Power in the Priesthood," *Liahona*, Mbudzi 2013, 92.
3. M. Russell Ballard, "Men and Women in the Work of the Lord," *Liahona*, Kubvumbi 2014 48-49.
4. Ona D. Todd Christofferson, "The Power of Covenants," *Liahona*, May 2009, 19, 20-21

## **Funga Izvi**

Zvisungo nezvibvumirano zvemutemberi zvinotisimbisa nokutipa simba sei?